

Kouvèti Asirans Altènatif pou Moun Aje

Si yo te refize w MassHealth Standard paske revni ak/oswa byen w twò elve, ou ka toujou kalifye pou pwogram sa yo, ki akòde limit finansye ki pi wo.

Pwogram Epay Medicare MassHealth lan (Medicare Savings Programs, MSP)

Benefisyè Medicare yo ka jwenn èd pou peye Frè Depans Medicare yo.

[Klike la](#) pou plis enfòmasyon sou kalifikasyon MSP ak avantaj li ofri. Jwenn yon kopi aplikasyon an pa telefòn (1-800-841-2900) oswa [sou entènèt](#).

MassHealth CommonHealth

MassHealth CommonHealth se yon pwogram pou moun andikape ki gen 65 lane oswa plis e ki ap travay omwen pandan 40 èdtan pa mwa.

[Klike la](#) pou plis enfòmasyon sou CommonHealth. [Klike la a](#) pou aplikasyon an, epi asire w ou ranpli seksyon ki sou andikap ak travay yo.

Rele 1-800-841-2900 pou w konnen si w bezwen ranpli yon nouvo aplikasyon oswa si w ka jis mete ajou dènye aplikasyon w lan.

Pwogram Dispans pou Granmoun Aje MassHealth la (Frail Elder Waiver, FEW)

FEW se pou moun ki gen 65 lane oswa plis, oswa moun ki gen 60 jiska 64 lane ki gen andikap pèmanan oswa ki andikape totalman. FEW bay swen ak moun ki bezwen swen nan mezon retrèt men ki prefere viv nan kominote a. FEW bay swen medikal, livrezon sèvis a domisil, ak lòt asistans. [Klike la](#) pou w jwenn lis konplè sèvis ki kouvri yo.

Kontakte [pwèn aksè sèvis pou moun aje \(Aging Services Access Point, ASAP\) lokal ou a](#) pou w aplike.

Pwogram Swen Konplè Pou Moun Aje MassHealth la (Program of All-inclusive Care for the Elderly, PACE)

MassHealth Standard ap peye pou moun ki gen 55 lane oswa plis ki kalifye pou swen nan mezon retrèt men ki kapab viv nan kominote a, epi ki abite nan yon zòn ki gen sèvis PACE, pou yo enskri nan PACE.

[Klike la](#) pou plis enfòmasyon sou PACE. Kontakte [òganizasyon PACE lokal ou a](#) pou w aplike.

ConnectorCare

Pou moun ki pa kalifye pou Medicare yo, ConnectorCare ofri plan asirans sante nan yon pri ki baze sou revni ou.

[Klike la](#) pou lis konplè sèvis ki kouvri yo. [Klike la](#) pou w aplike.

Vizite sit entènèt nou an:
masshealthproject.org/